

tretman TB. Si yon moun ki gen TB sispann pran medikaman l anvan tretman an fini, li ka retounen malad ankò.

SI W KWÈ OU PRAN KONTAK AVÈK MOUN KI GEN TB

Si w kwè ou pran kontak avèk yon moun ki gen maladi TB a, ou dwe ale wè doktè w oubyen ale nan Depatman Sante a pou fè yon tès.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou maladi pwatrinè (TB) nan entènèt, nan adrès:

The Centers for Disease Control
and Prevention
www.cdc.gov

U.S. Department of Health
and Human Services
www.omhrc.gov

• • •

*Men non kote ki devlope enfòmasyon
ki adapte pou fè dokiman sa a:*

*The Centers for Disease Control and
Prevention (CDC)*

*U.S. Department of Health and
Human Services*

*The Directors of Health Promotion and
Education (DHPE)*

ENFÒMASYON POU PRAN KONTAK:

riht@uscridc.org

**U.S. Committee for Refugees and
Immigrants**

**1717 Massachusetts Ave., NW
Suite 200**

Washington, DC 20036

Telefòn: 202 • 347 • 3507

Faks: 202 • 347 • 7177

www.refugees.org

*Men non kote ki finanse publikasyon dokiman
sa a: Department of Health and Human
Services Office of Refugee Resettlement.*



Kisa TB Ye? (What is Tuberculosis?)

(Haitian Creole)



www.refugees.org

*Protecting Refugees, Serving Immigrants,
Upholding Freedom since 1911*

VIV AN SANTE

KISA TB YE?

Maladi pwatrinè, ki rele tou “TB”, se yon maladi atrapan ki transmèt avèk mikwòb moun lage nan lè lòt moun respire. Yon moun ki pran TB kapab mouri si l pa pran medikaman pou trete maladi a.

KOUMAN TB A TRANSMÈT?

Yon moun ki gen TB lage mikwòb yo nan lè a lè li touse, etènye, chante, krache, oubyen ri. Lòt moun ki respire lè ki gen mikwòb TB yo kapab pran enfeksyon an.

KI MOUN KI KA PRAN TB?

Dapre Òganizasyon Mondyal Lasante a (WHO), gen prèske 6 milya moun sou latè ki enfekte ak bakteri ki lakòz TB a. Chak ane, gen prèske 2 milyon moun TB touye sou latè. Moun ki pran kontak chak jou avèk moun ki gen TB kapab pran enfeksyon an. Sa vle di kontak avèk lòt elèv nan yon lekòl, kòlèg nan travay, moun nan fanmi w, ak moun ki rete nan menm kay avèk ou.

KOUMAN YON TB KI PA DEKLARE PA MENM AK YON MALADI TB KI AKTIF?

Lè yon moun gen yon TB ki pa deklare, li gen

bakteri a nan kò l, men bakteri a pa aktif epi moun lan pa malad. Yon moun ki gen yon TB ki pa deklare pa kapab transmèt TB a bay lòt moun, men maladi a kapab vin aktif sou li pi ta.

Lè yon moun gen yon TB aktif, li malad. Sa vle di bakteri TB aktif la ap miltipliye aktivman, epi l ap atake kote nan kò moun lan. Lè yon moun gen maladi TB a, li gen sentonm TB epi li kapab transmèt maladi a bay lòt moun, espesyalman moun ki an kontak avèk li chak jou, tankou kòlèg nan travay, lòt elèv nan klas li, ak moun nan fanmi l.

TB KI REZISTE MEDIKAMAN

Si yon moun ki gen TB pa pran medikaman l regilyèman, oubyen si l sispann pran medikaman an twò bonè, mikwòb ki lakòz TB a ka aprann reziste medikaman an. Sa vle di medikaman an pa pral kapab bay rezilta ankò, kidonk moun lan pral oblije pran yon lòt medikaman—ki ka bezwen pi fò—pandan pi lontan pase si l te fin pran premye medikaman an byen. Lè yon moun gen TB ki reziste medikaman, li kapab pi difisil pou trete epi sa ka koute pi chè.

KOUMAN TB A TRANSMÈT?

TB KAPAB GERI! Sa pran anpil tan pou geri TB. Pasyan TB yo oblije pran plizyè medikaman pandan ant 6 ak 12 mwa pou trete maladi a. Yon moun ki gen TB kapab santi kò l pi bon anvan tretman an fini. Pèsistans—ki vle di pran tout medikaman TB doktè preskri yo, jouktan yo fini—se yon bagay enpòtan nan

